



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**POU ONORE SEMÈN KONSYANTIZASYON TRANSEKSYÈL; GOUVÈNÈ HOCHUL  
SIYEN PWOJÈ LWA POU PWOTEKSYON LGBTQ+**

***S.674/A.459 gen rapò ak anilasyon kondanasyon pou enfraksyon ki te komèt akòz yo te yon viktim trafik seksyèl, trafik mendèv ak pwostitisyon fòse***

***S.5325/A.6193 egzije konpayi sèvis piblik yo pou pèmèt kliyan yo sèvi ak non ak pwonon yo pi pito yo***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon nan Sant Kominotè LGBT (LGBT Community Center) ki vize agrandi pwoteksyon pou kominote LGBTQ+ la ak moun ki te viktim trafik seksyèl yo. Lwa START la gen rapò ak anilasyon kondanasyon pou ofans ki te komèt paske yo te viktim trafik seksyèl, trafik mendèv, ak pwostitisyon fòse. Pwojè lwa S.5325/A.6193 egzije konpayi sèvis piblik yo pou pèmèt kliyan yo itilize non ak pwonon yo pi pito yo.

"Pandan nou temwen atak sou dwa ak pwoteksyon LGBTQ+ atravè peyi a, New York ap deklare yon lòt fwa ankò ke nou se yon eta pou tout moun - you eta kote nou pa kriminalize viktim yo initilman ak kote kominote trans, non-binè nou yo, ak kominote ki pa konfòme yo ak yon sèks afime", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Administrasyon mwen an angaje pou egalite ak sekirite pou tout moun epi New York kapab trase chemen an gras ak travay defansè enfatigab nou yo ak patnè nou yo nan lejislati a. Ansanm, nou pral kontinye bati yon eta ki akeyan pou tout moun."

Lejislasyon S.674/A.459, Lwa START la, ranfòse pwoteksyon pou viktim trafik seksyèl yo, trafik mendèv, pwostitisyon fòse, ak trafik imen, ki kondane pou yon seri ofans akòz trafik oswa kontrent sa a. Lejislasyon sa a baze sou yon lwa ki te adopte an 2010 nan New York ki te pèmèt viktim trafik imen anile kondanasyon kriminèl ki gen rapò ak pwostitisyon ki te dirèkteman lye ak viktimizasyon yo.

**Senatè Jessica Ramos te deklare**, "Pandan Semèn Nasyonal Konsyantizasyon Transseksyèl la, nosyon pou bati vizibilite alantou defi estriktirèl Nouyòkè trans yo ak sa yo ki pa konfòme yo ak sèks dwe plis pase yon jès. Nou dwe lejifye nan yon fason ki onore ak pwoteje dwa yo kòm manm nan kominote nou an. Lwa START la bay sivivan trafik yo yon nouvo kòmansman ke yo merite—sa ki diminye baryè anplwa, amelyore

aksè ak rekou legal pou imigrasyon apwopriye, epi ede kraze sik twomatiz pou plizyè milye sivivan atravè eta nou an."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Sivivan trafik yo pa kriminel. Moun ki esklav trafikan yo pa ta dwe souffri fado kondanasyon yo pou krim yo te fòse yo komèt. Lwa 2010 New York la te premye lwa nan peyi a e li te vin tounen yon modèl nasyonal. Kounye a, gras ak Gouvènè Hochul, plis sivivan trafik yo ka bati lavi pwodiktif, epi yo ka pwoteje kont depòtasyon pou kondanasyon yo te gen anvan yo. Mèsi ak esponsò Sena a Jessica Ramos, Prezidan Asanble a Carl Heastie, ak anpil defansè yo pakse ede yo siyen pwojè lwa sou dwa moun enpòtan sa a pou li vin yon lwa."

Lejislasyon S.5325/A.6193 bay kliyan sèvis piblik yo dwa pou yo adrese ak rekonèt yo pa non ak pwonon yo pi pito lè yo egzije konpayi sèvis piblik yo, minisipalite yo, konpayi sèvis dlo yo, ak founisè sèvis telefòn yo pou pèmèt kliyan yo sèvi ak non ak pwonon yo pi pito yo.

**Senatè Brad Hoylman te deklare,** "Se yon bèl fason pou Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans Semèn Konsyantizasyon Transseksyèl yo lè li siyen lejislasyon nou an (S.5325/A.6193) ki egzije konpayi sèvis piblik ak konpayi telefòn nan New York yo sèvi ak non ak pwonon kliyan yo pi pito. Pèsòn pa ta dwe souffri endiyite pou yo 'anonim' oswa pou deziye yo pa non oswa sèks ke yo pa afime. Epi 2021 se ane ki pi mòtèl pou moun transeksyèl ak moun ki pa binè yo pliske Kanpay Dwa Zimen (Human Rights Campaign) an te kòmanse anrejistre done sa yo, nouvo lwa nou an voye yon mesaj sipò enpòtan bay plis pase 78,000 moun transeksyèl ak moun ki pa konfòm sèks yo atravè Eta New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, ansanm ak Lidè Majorite a Stewart-Cousins, Manm Asanble González-Rojas ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo pou sipò yo pou lejislasyon sa a ak respè pou dwa ak diyite Nouyòkè transeksyèl yo."

**Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare,** "Nan yon moman kote nou temwen yon kantite rekò krim sou moun trans yo, sitou fanm trans, ak lwa anti-LGBT k ap entwodui epi adopte nan lòt eta atravè nasyon an, New York dwe fè prèv lidèchip ak kanpe kont rayisans. Mwen fyè dèske mwen esponsòrizasyon yon lejislasyon, ki pral asire kòporasyon sèvis piblik yo respekte moun ki transeksyèl yo pandan y ap fè biznis nan eta nou an. Mwen vle remèsye Prezidan Heastie pou sipò li nan pwojè lwa sa a, defansè yo paske yo ede avanse li nan Albany, ak Gouvènè Hochul paske li siyen li pou li vin yon lwa. Semèn konsyantizasyon trans sa a pèmèt nou pase soti nan konsyantizasyon pou rive nan aksyon. Pou frè ak sè trans nou yo, tanpri konnen ke nou se alye mwen paske nou enpòtan. Lavi trans yo konte."

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen pwoteksyon bon sans sa yo an lwa. Pwojè lwa sa yo fè pwogrè enpòtan nan direksyon yon New York ki pi jis epi ki pi ekitab, ki egzije sèvis piblik yo pou yo abòde kòm sadwa manm kominotè transeksyèl ak sa ki pa konfòm sèks nou yo epi

ede kraze sik twomatiz ak abi pou viktim trafik moun nan rann li pi fasil pou anile kondanasyon ki konekte ak trafik pa yo."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Adopsyon pake lejislatif sa a solidifye Eta New York davantaj kòm yon lidè nasyonal nan asire yo pwoteje, ak trete ak diyite ak respè kominote LGBTQ a. Pandan peyi nou an ap kontinye temwen yon ogmantasyon nan krim rayisans yo, sitou kont moun ki idantifye yo se trans yo, tout nivo gouvènman yo ta dwe adopte lwa ki anpeche vyolans ak pwoteje kominote vilnerab yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pou enskri pwoteksyon LGBTQ yo nan lwa eta a epi kontinye solidifye New York kòm yon refij pou tout moun."

**Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare,** "Lè li siyen pwojè lwa enpòtan sa yo an lwa, Gouvènè Hochul reyafime devouman New York pou diyite, respè, ak dwa pou gen yon dezyèm chans nan lavi. Mwen remèsye li ak kòlèg mwen yo paske yo te defann idantite transeksyèl ak idantite ki pa konfòme ak sèks yo, epi paske yo asire yon avni pou tout sivivan trafik moun yo."

**Manm Asanble Danny O'Donnell, te deklare,** "Chak jou, moun trans yo lite pou yo rekonèt egzistans yo -- pa gouvènman yo, fanmi yo ak kamarad yo. Mwen fyè dèske Eta nou an ap fè entèvansyon epi rann li klè: Nouyòkè Trans yo merite pou yo wè yo pou moun yo ye a. Soti nan Lwa Rekonesans Seksyèl (Gender Recognition Act) rive nan anilasyon entèdiksyon Mache Antanke Transeksyèl (Walking While Trans) pou rive nan pwojè lwa jodi a, New York ap trase chemen an, epi asire ke moun trans yo, non binè yo, ak moun ki pa konfòme ak sèks yo gen dwa ak diyite yo merite. Mwen rekonesan pou sipò fèm Gouvènè Hochul bay pou dwa LGBTQ yo, epi paske li avanse valè Eta nou an nan siyen lejislasyon ki pwoteje moun trans yo kont plis rayisans ak asèlman. Tout devlopman sa yo, ki vini pandan Semèn Konsyantizasyon Transeksyèl la, re-afime angajman New York pou defann dwa moun."

**Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare,** "Antanke Prezidan Awondisman bèso mouvman dwa LGBTQ modèn lan, mwen konnen siyati pwojè lwa Gouvènè Hochul jodi a rapwoche eta nou an pi pre yon kote ki pi jis e ki pi egal kote nou chak moun ka viv nan diyite. Mèsi ak Gouvènè Hochul paske li asire ke sèvis piblik yo pral oblije pèmèt kliyan yo sèvi ak non ak pwonon yo pi pito yo, epi paske li pwoteje konfidansyalite dosye pwosedi legal yo konsènan viktim mendèv ak trafik seksyèl yo."

**Manm eli Konsèy la, Lynn Schulman, te dedklare,** "Se yon onè pou mwen kanpe ak Gouvènè Hochul jodi a pou m ede pote diyite nan kominote trans nou an. Nouvo dispozisyon Lwa Sèvis Piblik sa a pral egzijè konpayi sèvis piblik yo trete Nouyòkè yo, e sitou vwazen transeksyèl nou yo, ak respè yo merite. Kounye a, kliyan yo ka itilize non ak pwonon yo pi pito lè yo jwenn sèvis chak jou. New York ap vin pi bon kote lè nou pwoteje ak konsidere tout moun. Anplis de sa, Lwa Start la pral pwoteje sivivan trafik moun yo epi mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul paske li fè pwojè lwa sa a vin yon lwa. Lwa sa a pral ranfòse sekirite piblik nou an lè li pa pini moun ke yo te

eksplwate nan trafik yo. Li pral pwoteje tou enfòmasyon konfidansyèl sivivan yo pou yo pa anpeche kapasite yo pou yo rebati lavi yo."

**Manm eli Konsèy la, Chi Ossé, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m sipòte lejislasyon ki rekonèt enpòtans ekite & aksè ant sèks; epi, yon lwa ki defann lavi ak posiblite pou viktim trafik seksyèl yo. Mwen pral toujou sipòte totalman lejislasyon ki rapwoche nou pou bati yon sosyete ki jis eoi ki gen konpasyon pou kominote ki pi majinalize nou yo."

**Manm eli Konsèy la, Tiffany Cabán, te deklare,** "Dekriminalizasyon se yon pwoblèm LGBT ki pouse nou nan imanize tout sivivan sistèm opresif yo. Antanke yon nouvo Manm Konsèy koulè ki etranj, se yon onè pou m kanpe ak defansè jodi a pandan n ap pwoche pi pre objektif sa a. Kit se sivivan mendèv ak trafik seksyèl oswa moun trans yo ke enstitisyon nou yo domaje, nou dwe kontinye avanse lejislasyon ki pote diyite nan egzistans moun. Sa a plis enpòtan menm pandan semèn konsyantizasyon trans lan pliske nou kanpe an solidarite ak moun trans yo, moun ki pa konfòme ak sèks, ak moun ki non binè ki ap fè eksperimante yon chif rekò nan vyolans. Kidonk, mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa sa yo jodi a epi mwen espere travay avèk li, kòlèg mwen yo nan Konsèy la, lejislati eta a, ak defansè yo pou fè sa ak plis ankò."

**Onorab Judy Harris Kluger, ki se Direktris Egzekitif Sanctuary for Families, te deklare,** "Jodi a, nou rejwenn patnè kowalisyon nou yo ak sivivan yo atravè Eta New York pou selebre siyati Lwa START Gouvènè Hochul la. Pandan twò lontan, sivivan trafik imen yo te lite pou rebati lavi yo akòz dosye kriminel ki pèsistan pou krim yo te komèt kòm rezilta eksplwatasyon yo. Anile tout kondanasyon sa yo se yon etap enpòtan pou asire sekirite alontèm sivivan yo ak kapasite pou yo rebati lavi yo. Sanctuary for Families bat bravo pou Gouvènè Hochul ak pou esponsò Lwa a yo, Senatè Ramos ak Manm Asanble Gottfried, pou lidèchip yo. Nou pwofondman rekonesan anè Lejislati Eta New York pask yo sipòte sivivan yo nan pakou yo pou otonomi ak libète kont abi."

**Ko-Prezidan, Asosyasyon Bawo Trans Nasyonal la, Kristen Browde te deklare,** "Pandan li siyen pwojè lwa sa yo jodi a, Gouvènè Hochul kontinye dirije New York pandan l ap pwoteje ak respekte tout sitwayen li yo, garanti Eta nou an pral fè tout sa li kapab pou pwomote ak ankouraje egalite nan tout aspè nan lavi, pa janm blame viktim yo ke yo fòse yo antre nan sikonstans ki pi difisil san se pa fòt pa yo. Antanke yon Nouyòkè transeksyèl, mwen alafwa fyè epi mwen rekonesan pou defans solid Gouvènè a, epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li pou kontinye travay sa a."

**Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union lan, te deklare,** "Yo dwe sipòte sivivan sèks ak trafik mendèv yo, yo pa dwe kriminalize yo. Poutan pandan deseni ki sot pase yo, lwa eta nou an te kite kèk sivivan anpetre nan sistèm legal kriminel nou an pou ofans ke trafikasyon yo te fòse yo fè. Sa se pa ni diyite ni jistis. Ak Lwa START ki te siyen an lwa a, eta nou an kapab kounye a pèmèt sivivan yo brize baryè anlwa, lojman, ak edikasyon ki rete pou lavi, epi pwoteje sivivan ki non resòtisan yo, ke kondanasyon kriminel ka gen konsekans imigrasyon devastatè pou yo,

tankou depòtasyon ak separasyon fanmi. Kounye a, New York ka priorize establiite sou estigma."

**Direktè Asosye Afè Gouvènmantal pou Pwojè Travayè Seksyèl Sant Jistis Iben an, Andy Bowen, te deklare,** "Avèk siyati Gouvènè Hochul sou Lwa START la, Pwojè Travayè Seksyèl Sant Jistis Iben (Sex Workers Project of the Urban Justice Center) an voye remèsiman pwofon li bay Gouvènè a, ansanm ak esponsò yo Senatè Jessica Ramos ak Manm Asanble Richard Gottfried, paske yo te bay anpil nan kliyan pase ak prezan nou yo pi gwo espwa pou lavni. Nou onore sivivan yo ak sipòtè fèm yo ki te mete presyon pandan anpil ane pou elaji pwoteksyon Lwa START la pote. Koulye a, nou ka kòmanse travay pou anile anpil lòt dosye kriminèl pou sivivan trafik imen yo atravè New York ke yo te fòse oswa kontrenn yo angaje yo nan konduit kriminalize odela akizasyon ki gen rapò ak mendèv seksyèl, ki te sèlman kondanasyon ki te elijib pou anilasyon pwosedi anvan pasaj Lwa START la. Avèk adopsyon START la, nou pral wè plizyè kalite gerizon."

**Tina Luongo, ki se Avoka An Chèf pou Pratik Defans Kriminèl nan Legal Aid Society, te deklare,** "Pwojè Entèkansyon Eksplwatasyon Legal Aid Society a ap tann aplikasyon Lwa a avèk enpasyans, paske nou gen anpil kliyan ki ap tann pandan plizyè deseni sekou enpòtan sa a. Nou kanpe avèk yo nan selebre pwojè lwa sa a epi nou remèsye yo pou detèminasyon yo ak kouraj yo nan pale sou enpòtans li. Nan non kliyan nou yo, mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Lwa START la an lwa."

**Jillian Modzeleski, ki se Pwokirè Jijman Prensipal nan Pwojè Defans Fanm yo nan Brooklyn Defender Services, te deklare,** "Brooklyn Defender Services (Sèvis Defans Brooklyn) rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Lwa START la an lwa jodi a. Avèk lejislasyon sa a, New York dejan franchi yon etap enpòtan pou repare domaj ki genyen nan kriminalize sivivan trafik imen yo. Antanke defansè piblik, nou byen konsyan sou fason yon dosye kriminèl gen konsekans ki lakoz domaj an matyè finans, edikatif, lojman, ak imigrasyon, epi nou fyè pou nou kanpe bò kote sivivan yo nan kanpay sa a. Apwobasyon lejislasyon enpòtan sa a pa t ap posib san lidèchip sivivan trafik yo ki te goumen pandan plizyè deseni pou anile dosye kriminèl yo epi kreye chemen pou lòt moun fè menm bagay la. Nou remèsye Senatè Jessica Ramos ak Manm Asanble Richard Gottfried paske yo se defansè solid Lwa pou Sivivan Trafik yo Jwenn Sekou Ansanm (Survivors of Trafficking Attaining Relief Together Act, START Act)."

**Direktris Egzekitif nan NEW Pride Agenda a, Elisa Crespo, te deklare,** "Jodi a, New York voye yon mesaj solid bay konpayi sèvis piblik yo, minisipalite yo, konpayi travay dlo yo ak konpayi telefòn yo, ke yo dwe adrese kliyan yo kòm sadwa, pwen final. Lwa sou Afimasyon Idantite Seksyèl nan Sèvis Piblik (Affirming Gender-Identities in Utilities Act) la pral asire yo respekte non ak pwonon konsomatè yo ak kliyan yo pi pito yo. Yon ti jès men ki pwisan ki kontribiye anpil nan lavi moun TGNC yo."

**Fondatè Trans Equity Consulting ak star envite rekiran nan "Pose", Cecilia Gentili, te deklare,** "Siyen lwa START Act la pral chanje lavi anpil moun ki gen kondanasyon poutèt yo te arete yo nan sikonstans trafik yo. Sa ap pèmèt yo kontinye ak lavi yo epi konstwi avni yo reve pou tèt yo. Kòm yon sivivan trafik, mwen bat bravo pou sipò Gouvènè Hochul."

**Cristina Herrera, Fondatris ak Direktris Egzekitif Jeneral Translatinx Network, te deklare,** "Kòm toujou - New York kontinye rete yon flanbo espwa ak sekirite pou manm kominote transeksyèl yo. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl li pou pwoteje dwa tout Nouyòk yo."

**Direktè Egzekitif nan Princess Janae Place, Jevon Martin, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul paske w wè sivivan trafik imen yo epi ede yo rebran kontwòl lavi yo. Sèvi ak pwonon kòrèk yon moun esansyèl pou afime idantite yo. Respekte idantite yon moun se montre yo ke ou wè yo jan yo ye a."

**Direktè Egzekitif nan Callen-Lorde Community Health Center, Wendy Stark** "Sante ak byennèt inivèsèl repoze sou aksè total ak swen sante konpetanepi ki bon jan kalite menm jan li depann sou yon gouvènman ak sosyete ki bay valè, sipòte ak pwoteje moun. Callen-Lorde bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa esansyèl sa yo - LWA START la, ki elaji ak amelyore soulajman dosye kriminel pou sivivan trafik imen ansanm ak lejislasyon ki egzije konpayi sèvis piblik yo sèvi ak non ak pwonon kliyan yo idantifye tèt yo - an lwa. Yo chak nan fason pa yo pral avanse vizibilite ak afimasyon nan kominote nou yo nan chak aspè nan lavi."

**Melissa Broudo, yon pwokirè ki soti nan SOAR Institute ki te depoze epi ki te genyen premye anilasyon pwosedi lwa sou kondanasyon eta a (ak nasyon an), te deklare,** "Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè Lwa START la an lwa, ki pral bay sivivan trafik imen yo opòtinite pou yo anile dosye kondanasyon yo ki te rive akòz eksplwatasyon yo. Antanke yon moun ki reprezante sivivan yo dapre lwa aktyèl la, li klè ke nou te bezwen yon rekou ki pi konplè ki ta pèmèt sivivan yo avanse konplètman ak lavi yo. Sa pral retabli eta NY tou kòm yon lidè nan defans pou sivivan trafik imen yo."

**Pwogram anti-trafik Safe Horizon lan te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Lwa START la an lwa. Pwojè lwa sa a se yon manifestasyon tanjib anpil ane defans ke sivivan yo ak defansè yo te investi nan garanti yon sistèm legal ki pi jis. Menm apre trafik, kliyan nou yo te rete ante pa dosye kriminel pèsistan yo epi yo pa ka avanse nan okenn fason sinifikatif pou jwenn sekou an matyè imigrasyon, travay, lojman oswa lòt opòtinite. Kapasite sivivan trafik imen yo pou anile istwa kriminel yo konsèna krim yo te fòse yo komèt bay yon opòtinite ki chanje lavi yo pou rebran diyite yo ak kapasite pou yo aji, epi avanse ak nouvo espwa ak rezistans. Nou remèsye Manm Asanble a Richard Gottfried ak Senatè Jessica Ramos pou lidèchip reflechi yo ak pou sipò san fay yo nan lejislasyon enpòtan sa a."

**Ricardo C., yon sivivan trafik imen ak yon defansè Lwa START la, te deklare,**

"Mwen ta renmen remèsye tout moun ki patisipe nan gwo viktywa sa a jodi a nan pèmèt mwen reyalize yon 'nouvo Kòmansman' ki reyèl lè yo siyen Lwa START la. Mwen remèsye nou tout pou devouman nou anvan mwen ak tout moun ki viktim trafik yo, prezan ak sa ki disparèt pou tout tan. Lwa START la ban mwen yon bagay lwa orijinal la pa te bay, abilite pou anile tout kondanasyon mwen ki gen rapò ak trafik mwen an. Siyati Lwa START la, pèmèt mwen anile kondanasyon final mwen an epi li ban m libète kont moun ki te kaptire m yo ak yon nouvo kòmansman pou mwen nan lavi, lè li pèmèt mwen avanse epi vin vrèman lib epi san mwen pa esklav yon dosye kriminel. Mwen remèsye w paske w se vrè sipè-ewo ki goumen pou libète nou epi ki te ban nou vrè evazyon anba twomatiz emosyonèl ak fizik ak rapèl moun ki yon lè te fè nou tounen esklav yo. Jou sa a pou mwen vrèman vle di yon nouvo kòmansman ak yon avni ki pi briyan, yon avni inimaginabl ki pa gen okenn limit oswa baryè ki yon fwa yo te enpoze mwen. Mwen libere de enkyetid ak anksyete, rapèl konstan de sa mwen te ekspoze ak li, ki jan yo te trete mwen ak fòse mwen andire li. Apati jodia mwen p ap genyen twomatiz sa a nan tèt mwen ankò lè m pral aplike pou edikasyon siperyè, yon nouvo pakou karyè, nouvo opòtinite, oswa menm kote pou m viv. Mwen remèsye nou tout pou rezolisyon san fay nou jodi a epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen Lwa START la, ki vrèman libere mwen epi ki pral pèmèt mwen reyisi nan lavi."

**Rosalinda, yon sivivan trafik imen, te deklare,** "Mwen se yon fanm imigran transeksyèl ak yon sivivan trafik. Jodi a, mwen fyè dèske mwen se yon sitwayen Etazini Damerik, epi m ap viv yon vi ki bay satisfaksyon kòm yon pwofesyonèl IT nan domèn swen sante. Jou mwen te fè sèman sitwayènte mwen an, se te youn nan jou ki pi bèl nan lavi m. Bagay yo pa te toujou fasil, sepandan. Mwen se yon sivivan trafik tou. Apati lè m te minè, yon nonm vyolan te fè trafik seksyèl avè m, e kòm rezilta m te fini nan kondanasyon kriminel poutèt krim li te fè kont mwen. Akoz lwa anilasyon pwosedi New York ki pèmèt moun anile kondanasyon pou pwostitisyon, mwen te kapab rakonte istwa mwen bay fòs lòd yo epi anile dosye mwen—eksepte yon sèl kondanasyon mwen genyen jodi a ki rete. Avoka mwen yo te di m ke pandan ke mwen te kapab fè anile lòt kondanasyon mwen yo kòm yon viktim trafik dapre lwa Eta New York la, paske mwen te plede yon fason diferan apre youn nan arestasyon mwen yo pou m soti nan prizon pi vit jan sa posib, mwen pa te kalifye pou fè anile kondanasyon sa a. Sa vle di ke pandan entèvyou sitwayènte mwen an, mwen te oblije eksplike ofisyè a poukisa mwen te gen kondanasyon kriminel sa a, ki se re-viv imilyasyon an ak twomatiz la yon lòt fwa ankò. Menm jodi a antanke sitwayen ameriken, mwen toujou santi ke kondanasyon sa a se yon tach sou lavi mwen, ak yon rès vyolans ak twomatiz mwen te soufri nan pase. Pou m kapab anile kondanasyon sa a dapre Lwa START la ta vle di retabli yon mezi diyite nan lavi mwen epi vin pwochen etap mwen nan pwosesis gerizon an."

**Pamela, yon sivivan trafik imen, te deklare,** "Lè mwen te tande jodi a ke yo ta pral siyen LWA START la an lwa, kò mwen te kòmansse tranble e mwen prèske tonbe atè. Mwen jis pa te kapab kwè ke lavi mwen ta ka chanje pou vin pi bon kounye a, apre 20 ane nan soufrans. Sa gen ven ane, mwen te kondane pou yon krim dwòg pou yon bagay yo te fòse mwen fè pandan m te anba kontwòl trafikè mwen an. Mwen te panse

li ta pral yon akizasyon inik ke mwen te konplete sèvis kominotè mwen ak 3 ane pwobasyon pou li, epi mwen pa te janm rate yon randevou. Men, mwen santi mwen te piye yon pèn 20 ane paske lè yo te refize aplikasyon pou viza T mwen an akòz istwa kriminèl mwen, mwen te santi yo te pini m yon lòt fwa ankò. Yo te bloke mwen pou mwen travay legalman, enskri nan lekòl, peye taks, ak akonpaye manman m lè li vle vwayaje. Mwen ap kontinye soufri pou krim yon lòt moun te komèt. Li te tèlman yon gwo pwa lou sou do mwen ke mwen santi li enposib pou mwen te leve li, e li fè m santi m tris, deprime, ak mwen pa te kapab avanse. Kounye a, mwen espere ke mwen pral kapab etidye ak travay epi ede bay kominote LGBTQ mwen an anretou. Mwen espere ke mwen kapab viv yon lavi nòmal ak mari m ak fè bagay regilye tankou vwayaje oswa adopte yon timoun LGBTQ. Chanjman sa a nan lwa a non sèlman pral ede m finalman avanse, men li pral ede tou anpil lòt moun tankou m ki te enplike nan bagay yo pa te vle fè."

**Pwogram Sipò pou Sivivan International Institute of Buffalo** a "rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon ki pral gen efè pou chanje lavi sivivan trafik seksyèl ak mendèv yo nan Eta New York. Trafikè yo deplase anpil sivivan soti nan yon konte ale nan yon lòt pandan tout eksplwatasyon yo e yo fòse yo komèt plizyè kalite krim sou pakou a. Lwa sa a pral pèmèt aksè egal ak jistis kèlkeswa kalite eksplwatasyon yon sivivan te eksperimante oswa kèlkeswa kote yo te eksplwate yo, konsa yo gen plis aksè egal ak jistis."

**Empowerment Collaborative of Long Island (ECLI/VIBES)** "rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Lwa START la an lwa. Sipò sa a esansyèl non sèlman pou defann dwa sivivan yo pou yo viv ak pwospere malgre eksperyans pase yo nan trafik imen, men li montre tou ke New York kanpe bò kote sivivan trafik imen yo. Mèsi ak tout sivivan yo ki te pale avèk kouraj pou sipòte lwa sa a."

**Direktris Egzekitif The Lesbian, Gay, Bisexual & Transgender Community Center, Glenda Testone, te deklare,** "Sant lan angaje li pou li defann lejislasyon ak politik nan New York ki sipòte bezwen kominote LGBTQ a. Jodi a Gouvènè Hochul ap ede asire ke yo pral respekte idantite Nouyòkè trans ak sa ki pa konfòme ak sèks yo nan plis domèn nan lavi chak jou yo. Anplis de sa, lè li siyen Lwa START la an lwa a, Gouvènè a ap sinyale tout sivivan trafik imen yo ke yo pi plis pase sikonstans yo te fè fas ak yo nan tan pase, yon etap enpòtan nan direksyon pou elimine estigma ak demantle baryè yo te ka fè fas ak yo pou jwenn aksè ak sèvis enpòtan yo tankou kòm lojman, anplwa, ak plis ankò."

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)